# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–15 मई 2026** **भोजपुरी समाचार**

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी– एनटीए मेडिकल प्रवेश बदे नीट–यूपी दुइ हजार छब्बीस परीक्षा दुबारा एक्कइस जून के आयोजित कइले क घोसणा कइले हवे। ई जनकारी केन्द्रीय शिक्षा मंत्री धर्मेन्द्र प्रधान आजु नई दिल्ली में संवाददाता सम्मेलन के दौरान दिहलें। उहां के कहलीं कि येह समय में ओएमआर मोड में आयोजित होखे वाला नीट–यूजी परीक्षा अगिला सालि से कम्प्यूटर आधारित यानी सीबीटी जरिया से होई।

***परीक्षा में थोड़ा हमको जो उनकी फोर्मलटीज है। ओएमआर सीट को दस्तखत करना, आरंभ में करना, अंत में भी एक बार करना उसमें हमारे विद्यार्थियों के कोर टाइम में कटौती हुई थी। दो से पांच एग्जामिनेशन टाइम था। उसको ध्यान में रखते हुए एनटीए ने तुरंत निस्पत्ति किया है। उसको और 15 मिनट बढ़ाए। दो से शुरू होगा और पांच–पंद्रह तक ये परीक्षा का समय बढ़ाया जाएगा। इस बार का एडमिट कार्ड 14 जून तक सभी को पहुंच जाएगा।***

केन्द्रीय शिक्षा मंत्री बतवलें कि विद्यार्थियन के परीक्षा बदे अपने पसंद क सहर चुनले क मौका मिली।

**********

दुनिया भर में कच्चा तेल के दाम में आइल उछाल के बाद तेल कम्पनी पेट्रोल आ डीजल के दाम में तीनि रूपिया प्रति लीटर क बढ़ोत्तरी कइ दिहले हइनि। एगो रिपोर्ट–

***दिल्ली में अब पेट्रोल की कीमत 97 रुपये 77 पैसे प्रति लीटर, जबकि डीजल की कीमत 90 रुपये 67 पैसे प्रति लीटर हो गई है। लखनऊ में पेट्रोल की कीमत 94 रुपये 73 पैसे प्रति लीटर, जबकि डीजल की कीमत 87 रुपये 81 पैसे प्रति लीटर, वहीं वाराणसी में पेट्रोल की कीमत 95 रुपये 83 पैसे प्रति लीटर, जबकि डीजल की कीमत 89 रुपये 01 पैसे प्रति लीटर हो गई है। प्रयागराज में अब पेट्रोल 95 रुपया 30 पैसे, जबकि डीजल 88 रुपया 30 पैसे प्रति लीटर की दर से मिल रहा है। संसदीय कार्य मंत्री किरेन रिजिजू ने तेल कीमतों में वृद्धि पर एक सोशल मीडिया पोस्ट में कहा है कि पश्चिम एशिया संघर्ष के बाद जहां कई देशों में पेट्रोल और डीजल की कीमतों में 20 प्रतिशत से लगभग सौ प्रतिशत तक वृद्धि की गई है, तब भारत ने पेट्रोल के दाम में केवल तीन दशमलव दो प्रतिशत और डीजल के लिए तीन दशमलव चार प्रतिशत की वृद्धि की है। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु महराजगंज जिला में दुइ सौ आठ करोड़ रूपिया से बेसी के लागति क ओन्यासी गो विकास परियोजनन क लोकारपण आ सिलान्यास कइलें। अपने सम्बोधन में मुख्यमंत्री कहलें कि वैस्विक संकट से देस के उबारे बदे हर नागरिक के आपन जोगदान देवे खातिर तइयार रहे के चाही।

***ईंधन से जुड़े हुए मामले हों, खाद्यान्न से जुड़े हुए मामले हों, फर्टिलाइजर से जुड़ा हुआ मामला हो, या फिर मैं सभी ज्वैलर्स से, सर्राफा व्यवसायियों से भी अपील करूँगा। प्रधानमंत्री जी ने जो बात कही है कि विदेश से सोना मंगाने की बजाय हमारे घरों में जो सोना है, उसी की मरम्मत कराना, उसी को रिपेयर करवाना, उसी को री–मॉडलिंग करवाना, उसी पर हमें अपना ध्यान केंद्रित करने की आवश्यकता है। हम सब अगर उस दिशा में कार्य करेंगे, अपना पैसा बचाना है, देश का पैसा बचाना है और देश का पैसा बचा करके इस संकट की, इस वैश्विक संकट से हम अपने देश को उभारने का काम करेंगे।***

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु दुपहरिया बाद गोरखपुर पहुंचलें। उहां के बिहने गोरखपुर में प्रदेस के चउथा इंटरनेशनल क्रिकेट स्टेडियम क भूमि पूजन कइ के नेइ धरबि। एगो रिपोर्ट–

***गोरखपुर–वाराणसी राजमार्ग स्थित ताल नदोर में बनने वाला यह इंटरनेशनल स्टेडियम तीन सौ बानवे दशमलव नौ चार करोड़ रुपये की लागत से बनेगा। निर्माण के लिए यह पहली किस्त के रूप में तिरसठ दशमलव तीन नौ करोड़ रुपये जारी हो चुके हैं। स्टेडियम बनाने के लिए एलाइनमेंट, मिट्टी भराई, लेवलिंग और बड़े निर्माण उपकरणों को लगाने का काम भी शुरू भी हो चुका है। लगभग 50 एकड़ में बनने वाले इस स्टेडियम में तीस हजार दर्शकों के बैठने की क्षमता होगी। आकाशवाणी समाचार के लिये गिरीश नारायण चौबे गोरखपुर।***

मुख्यमंत्री आजु गोरखपुर में प्रबुद्ध वर्ग सम्मेलन में हिस्सा लिहलें। सथहीं ओइजा क चारि सौ पंचानवे करोड़ रूपिया से बेसी क लागति वाली कई गो परियोजना क स्थलीय निरीक्षणो कइलें।

**********

कौशाम्बी जिला के करारी थान्हा क्षेत्र में महराजगंज गांव के लग्गे काल्हि देर राति एगो सड़कि दुरघटना में चारि गो नौजवानन क मउति हो गइल, ओहीं एगो नौजवान गम्हिराहे घाही हो गइल। ई दुरघटना ओह समय भइल जब एक्के गांव क रहवइया पांच गो नौजवान मोटरसाइकिलि पर बइठि के एगो बियाह समारोह में जात रहलें आ उनकरे मोटरसाइकिलि क सामने से आ रहल ट्रैक्टर–ट्रॉली से भीसण टक्कर हो गइल।

**********